
Kisa sa ye nan lari a?

Aprann konnen tout bagay ou wè nan lari a sou wout ou pou ale lekòl.

Li ilegal pou chofè yo kanpe oswa pake nan liy bisiklèt la.

Moun k ap kondwi yo dwe kite yon "distans depasman san danje" omwen 4 pye lè y ap depase moun k ap monte bisiklèt nan lari a, epi yo dwe bay bisiklèt k ap pase sou bò dwat yo priyorite.

Ti wonpwen nan katye yo diminye vitès machin yo nan kafou yo. Ou kapab vire agoch devan sèk la. Ou pa oblije ale adwat epi fè tout wonn nan tankou nan yon gwo wonpwen.



Pa ankonbre arè otobis yo. Otobis la dwe kapab pwoche bò twotwa a pou tout moun k ap itilize l yo kapab monte ladan li. Bloke arè otobis la ka lakòz reta epi kreye yon danje pou sekirite.

Liy bisiklèt pwoteje yo bay moun k ap monte bisiklèt yo yon espas ki rezève pou yo nan lari a. Pafwa yo pentire yo an vèt pou ogmante vizibilite, oswa yo mete yon "espas separasyon" pou kite yon espas ant sikilasyon bisiklèt ak sikilasyon machin a motè (oswa machin ki pake yo).

Lari ki adapte pou pyeton ak siklis nan katye yo (neighborways) ap toujou pèmèt moun k ap monte bisiklèt sikile nan toude sans, menm si lari a se yon sans inik pou machin yo

Lari ki adapte pou pyeton ak siklis nan katye yo se lari rezidansyèl ki adapte pou mache ak monte bisiklèt, ki fèt pou diminye kantite machin k ap sikile ak vitès yo avèk mezi tankou ralantisè oswa rediksyon lajè antre lari a pou dekouraje moun sèvi avè li kòm yon rakousi.


Jwenn plis enfòmasyon sou wout san danje pou ale lekòl sou www.somerville.k12.ma.us/safe-routes-to-school/

Yon **espas atant pou bisiklèt oswa espas pou vire agoch** se yon espas datant rezève ki pèmèt moun k ap monte bisiklèt rete vizib pou chofè yo pandan y ap tann nan kafou yo epi ki diminye konfli lè y ap vire.

Lè limyè a wouj, chofè yo dwe kanpe nan liy blan ki anvan espas la. Moun k ap monte bisiklèt yo kapab avanse devan liy machin k ap tann nan.

Etenn motè machin ou deyò lekòl la. Kite motè ou limen ap lakòz polisyon lè ki danjere pou sante, gaspiye gaz epi koute lajan. Sa ka lakòz yon amann omwen 100 dola.

Pa ankonbre kwen kafou yo. Machin ki pake toupre pasaj pou pyeton yo kapab anpeche chofè yo wè moun k ap travèse lari a. Lwa lokal, eta ak federal entèdi pake nan espas 20 pye anvan yon pasaj pou pyeton oswa 30 pye anvan yon kafou ki gen limyè sikilasyon.



Mak bisiklèt ak flèch sou wout la (sharrows) endike machin a motè ak siklis yo pataje menm liy sikilasyon an. Yo mete yo pou montre siklis yo ki kote yo ta dwe monte bisiklèt yo nan lari a. Yo make tou trajè bisiklèt rezève yo, kidonk chofè yo dwe konnen gen plis bisiklèt k ap sikile nan zòn sa yo.

Lalwa pèmèt moun k ap monte bisiklèt sikile nan mitan liy sikilasyon an nenpòt ki lè. Pafwa, se chwa ki pi an sekirite a - pa egzanp, pou rete vizib pou chofè yo oswa kote ki pa gen enstalasyon pou bisiklèt.

Pasaj pou pyeton yo se pwen koneksyon esansyèl pou moun k ap deplase yo. Kit pasaj pou pyeton an pentire, li gen pano oswa li pi wo pase wout la, tout machin dwe bay moun k ap mache oswa deplase sou wou nan pasaj la priyorite.

Enfòmasyon yo disponib nan lang Español, Português, Kreyòl Ayisyen, 繁體中文, 简体中文, ak नेपाली. Si ou bezwen plis asistans, tanpri rele 617-666-3311. Gen entèprèt ki disponib gratis pou ou. Moun ki gen andikap ki bezwen aranjman dapre ADA pou jwenn aksè ak enfòmasyon sa yo, tanpri voye yon imèl bay Kowòdonatè ADA a nan ada@somervillema.gov.